*Цæйут, æфсымæртау, раттæм нæ къухтæ*
*Абон кæрæдзимæ, Иры лæппутæ!..*

*Цæгат Ирыстоны республикон адæмон газет*
*Республиканская народная газета Северной Осетии*

# РÆСТДЗИНАД

№219 (26192)

Газет цæуын райдыдта 1923 азы 14 мартъийы – газета издается с 14 марта 1923 года

2024 азы 29 ноябрь – джеоргуыбайы мæйы 29 бон, майрæмбон

Аргъ 10 сомы

www.rastdzinad.ru
vk.com/club217633221
t.me/gazetarastdzinad1923

КÆСУТ НОМЫРЫ:

2 КУСÆГ БАЛЦ
*Физикон культурæ æмæ спорты архайд*

3 ТЕЛЕУЫНЫНАДЫ ПРОГРАММÆ

4 ФÆНДАГОН ФÆТК
*Уæлдай цæстдард – æнахъомты æдасдзинадмæ*

**Кусæг фембæлд**

# Тæрхонадон пъырыстыфты службæйы архайд



**Ацы бонты Цæгат Ирыстоны кусæг балцы уыд Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы разамонæг – сæйраг федералон тæрхонадон пъырыстыф Дмитрий АРИСТОВ. Федералон чиновникимæ фембæлд РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг Сергей МЕНЯЙЛО.**

Ныхасы архайджытæ се 'ргом аздæхтой федералон службæ æмæ республикæйы æмархайды фарстатæм, уыимæ, рагагъоммæ хатдзæгтæ скодтой Тæрхонадон пъырыстыфты службæйы цæгатирыстойнаг управленийы куыстæн.

Сергей Меняйло йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй федералон службæ æмæ республикæйы разамынды 'хсæн хорз æмгуыстад равзæрд æппæт иумæйаг фарстаты фæдыл дæр. Пъырыстыфты службæйы архайд хорзæрдæм зыны Цæгат Ирыстоны барадон фæтк хъахъхъæныны хъуыддагыл.

Службæйы республикон управленийы куысты бæрæггæнæнтыл дзургæйæ, ныхасы архайджытæ куыд бафиппайдтой, афтæмæй ацы азы дæргъы тæрхонадон пъырыстыфтæ алыхуызон хæстæ æмæ æндæр æмбæлгæ фиддонтæй бадомдтой 2 миллиард сомæй фылдæр. Уыимæ, уыцы бæрцæй 503 милуан сомы æрвыст æрцыдысты федералон бюджетмæ. Бæрнон кусджыты хъусынгæнинагмæ гæсгæ, тæрхонадон пъырыстыфтæ сæ архайды уæлдай лæмбынæг æргом здахынц, социалон нысаниуæг кæмæн ис, уыцы административон хъуыддæгтæм. Афтæ, сывæллæттæ æмæ æндæр æнахъомты пайдайæн азы райдайæнæй нырмæ хæсдарджытæй бадомдæуыд 205 милуан сомы бæрц. Æмткæй райсгæйæ, ахæм административон-уголовон хъуыддæгтæн сæ 92 процентæй фылдæр баст вæййынц алиментты райсыны фарстаимæ.

Фембæлды архайджытæ æрдзырдтой æндæр фарстатыл дæр.

Ныхасы архайдта Тæрхонадон пъырыстыфты федералон службæйы цæгатирыстойнаг управленийы разамонæг **Къесаонты Игорь.**

**РЦИ-Аланийы Сæргълæууæг æмæ Хицауады пресс-службæ**

**Парламентæй**

# Бюджеты хæрдзтæм – фылдæр цæстдард æмæ карздæр домæнтæ

**Уыд Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы æвдæм равзæрст Парламенты æртын æртыккæгæм æмбырд. Амыдта йæ Парламенты Сæрдар ТУСКЪАТЫ Таймураз.**

Æмбырды архайдтой республикæйы хицаудзинад æххæстгæнæг тæрхонадон æмæ барадхъахъхъæнæг оргæнты минæвæрттæ, бынæттон хиуынаффæйады администрациты разамонджытæ, дзыллон хабархæссæг фæрæзты кусджытæ.

Депутаттæ фыццаг бакасты æркастысты чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады субъекттыл æвæрд хъалонты уаргъ фæрогдæр кæнынимæ баст къорд закъонты проекттæм. Сæ иу – «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы территорийы хъалонтæ æвæрыны хуымæтæгдæр системæ»-йы хъалонты сæрмагонд уагæвæрды тыххæй» закъоны проект. Ныхас дзы цæуы, йе 'фтиаг афæдзмæ 60 милуанæй фылдæр кæмæн нæу æмæ йæ кусджытæ фондз адæймагæй фылдæр кæмæн не сты, чысыл æмæ рæстæмбис амалхъомады уыцы субъекттæн баххуыс кæнынил, цы хъалонтæ сыл æвæрд ис, уыдоны уаргъ фæкъаддæр кæнынил æмæ уыцы æгъдау 2027 азы кæронмæ адарддæр кæнынил. Уæвгæ та, амынд закъонты проекттæн сæ нысан у, республикæйы Сæргълæууæг кæй сфидар кодта, республикæйы дарддæры фидар рæзты фыццаградон мадзæлтты пълан æххæст кæнын. Закъонты проекты фæдыл ныхас кодтой экономикон рæзты министры хæдивæг **Кокайты Сослан** æмæ архитектурæ æмæ арæзтадон политикæйы министр **Бетанты Марат**. Æмдокладтæ скодтой Парламенты бюджет, хъалонтæ, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдары хæдивæг **Тауитты Алыксандр** æмæ Парламенты арæзтадон политикæ æмæ цæрæнуæтты-коммуналон хæдзарады фарстаты фæдыл комитеты сæрдар **Остъаты Георги**. Афтæмæй, закъоны проекттæ фидаргонд æрцыдысты.

«Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы муниципалон æмæ муниципалитетты 'хсæн маршруттыл бæлццæттæ æмæ уæзæгтæ ласыны хъуыддаг рацаразыны хицæн фарстаты тыххæй» закъонмæ ивддзинæдтæ бахæссыны тыххæй» закъоны проекты фæдыл раныхас кодта транспорт æмæ фæндагон хæдзарады комитеты сæрдар **Солиты Тариэль.** Документ карздæр кæны, бæлццæттæ æмæ уæзæгтæ ласыны къабазы чи лæггад кæны, уыдонмæ домæнтæ. Алы транспорты дæр хъуамæ уа банчы картæйæ фидыны, инвалидтæн уыцы транспортæй пайда кæнынæн техникон фæрæзтæ æмæ æндæртæ. Фарстайы фæдыл æмдоклад скодта Парламенты промышленность, транспорт, бастдзинад æмæ амалхъомады комитеты сæрдар **Киситы Мурат**. Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ, депутаттæ **Дыдарты Сосланмæ, Фадзайты Арсенмæ**. Закъоны проект фидаргонд æрцыд фыццаг бакасты.

«2025 азмæ æмæ 2026-2027 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы республикон бюджеты тыххæй» республикæйы закъоны проекты фæдыл ныхас кодта финансты министры хæстæ рæстæгмæ æххæстгæнæг **Оксанæ Карова**. Куыд загъта, афтæмæй хъалонтæ æмæ æнæхъалонты æфтиæгтæ 2025 азы фæфылдæр уыдзысты 18 миллиарды æмæ 941 милуан сомæй æмæ дарддæры азты дæр кæндзысты фылдæр. Уыимæ, фылдæр кæндзысты хæрдзтæ дæр, æппæты фыццаг, мызды æппынкъаддæры бæрц ног азæй кæй фæфылдæр уыдзæн æмæ 22 мины æмæ 440 сомы кæй суыдзæн, цæрæнуæтты-коммуналон лæггæдтæ та 19 проценты кæй фæзынаргъдæр уыдзысты, уымæ гæсгæ. Мызд фидынæй уæлдай, бюджеты иннæ хæрдзтæ дæр сæ фылдæр сты социалон нысаниуæджы хæрдзтæ æмæ баст сты национ экономикæимæ, ахуырадимæ, æнæниздзинад хъахъхъæнынадимæ, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджытæн æмæ сæ бинонтæн æххуысы мадзæлттимæ, стæй æндæр социалон бафыстытимæ. Фæлæ æппæт хъуыддæгтыл дæр бюджет нæ аххæссыд, зæгъæм, фæкъаддæр сты, лæвар хостæ кæмæн æмбæлы, уыцы рынчынтæн сæ æлхæныны хæрдзтæ, культурæ æмæ спортæн та сæйраг финансон документы бынат ацы хатт æппындæр нæ разынд. Уымæй уæлдай, республикæ цы æфстæуттæ дары, уыдон дæр, кæд сындæггай, уæддæр кæнынц фылдæр. Ацы азы кæронмæ йæ паддзахадон хæс у 10,7 миллиард сомы.

Фарстайы фæдыл ма раныхас кодта республикæйы Цæстдарæн-нымайæн палатæйы сæрдар **Хъæлыцты Инал**, æмдоклад та – Парламенты бюджет, хъалонтæ, исбонад æмæ кредитон организациты комитеты сæрдар **Хæдарцаты Аслæнбег**. Фарстытæ æмæ фиппаинæгтæ уыд Тускъаты Таймуразмæ, Парламенты Сæрдары хæдивæг **Дойаты Светланæмæ**, депутаттæ Дыдарты Сосланмæ, Фадзайты Арсенмæ, **Бæззаты Аланмæ**. Алы раныхас дæр уыд карз, уыимæ, хъуыддаджы фæдыл, сæ хъуыды та уыд иу: æфтиæгтæ хæрдзтыл не 'ххæссынц, фæлæ æппæт фарстатæ алыг кæнынæн дæр мадзæлттæн æнæсаргæ нæй. Документмæ каст æрцыд фыццаг бакасты, афтæмæй закъоны проект фидаргонд æрцыд.

Депутаттæ ма фыццаг бакасты æркастысты «2025 азмæ æмæ 2026-2027 азты пъланон рæстæгмæ Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Æнæмæнг медицинон фæдзæхстады территориалон фонды бюджеты тыххæй» закъоны проектмæ. Уый фæдыл ныхас кодтой фонды разамонæг **Дзæгъойты Алан** æмæ Парламенты социалон политикæйы, æнæниздзинад хъахъхъæнынад æмæ ветеранты хъуыддæгты фæдыл комитеты сæрдар **Реуазты Ларисæ.**



Уымæй уæлдай, æмбырды архайджытæ байхъуыстой Оксанæ Каровайы раныхасмæ, ацы азы фараст мæймæ республикон бюджет куыд æххæстгонд æрцыд, уый фæдыл. Сфидар кодтой, Парламенты раздæры æмбырды цы фарстатæм каст æрцыд, уыдоны фæдыл Парламенты уынаффæтæ. «Муниципалон сахат»-ы фæлгæты та байхъуыстой «Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Дзæуджыхъæуы горæтаг зылды муниципалон сконды социалон-экономикон рæзты тыххæй» Республикæ Цæгат Ирыстон-Аланийы Дзæуджыхъæуы горæтаг зылды муниципалон сконды сæргълæууæджы хъусынгæнинагмæ». Раныхасгæнæг уыд Дзæуджыхъæуы сæргълæууæг **Милдзыхты Вячеслав.**

**ДЕДЕГКАТЫ Зæлинæ**

**Видеоконференци**

# Фæллойадон ахастдзинæдтæ

**Уæрæсейы Президенты Æххæстбарджын минæвар Цæгат Кавказы Юрий ЧАЙКАЙЫ разамындæй уыд Фæллойадон ахастдзинæдтæ нывыл кæныны фарстаты фæдыл федералон зылды къамисы уæрæх æмбырд. Фембæлды видеоконференцийы бастдзинады фæрцы архайдта РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис.**





Æмбырды архайджытæ бæстон æрдзырдтой, 2024 азы 9 мæймæ Цæгат Кавказы федералон зылды регионты фæллойы базары уавæр куыд ивта, æнæ фæллойадон бадзырдтæй чи кусы, уыцы адæмы «ауунæй» ракæнын æмæ иннæ фарстатыл цы архайд цыд, ууыл.

Юрий Чайка йæ раныхасы куыд фæбæрæг кодта, афтæмæй амынд фарстатæ ахадгæдæр хуызы лыг кæныны нысанæн федералон зылды æппæт регионты дæр кусынц фæллойы базары нывылады фарстаты фæдыл ведомствæты 'хсæн къамистæ. «Федералон Хицауады уынаффæйæ уыцы къамистæн лæвæрд æрцыдысты уæрæх æххæстбартæ, цæмæй сæ размæ 'вæрд хæстыл ахадгæ хуызы кусой. Уыимæ, къамисты архайдæн аргъгонд цæуы, алкæцы регионæн дæр рагагъоммæ цы пъланон нысантæ æвæрд æрцæуынц, уыдон къухы куыд æфтынц, уымæ гæсгæ. Уымæй уæлдай, фарстамæ сæрмагонд цæстдард ис Фæллойы федералон службæ æмæ æндæр профилон ведомствæты 'рдыгæй», – бафиппайдта Президенты минæвар.

Азы 9 мæйы архайды бæрæггæнæнтыл дзургæйæ, бæрнон ведомствæты минæвæрттæ куыд фехъусын кодтой, афтæмæй дзуаппон рæстæгмæ федералон зылды регионты рабæрæг, «ауионы» чи куыста, ахæм 58 мин адæймагæй фылдæр. Уыдонæй 53 мин адæймаджы ныридæгæн раивтой закъонæвæрынады уагæвæрдыл куыстмæ. Зæгъæм, 18,5 мин адæймаджы сæ куыстдæтджытимæ бафыстой фæллойадон бадзырдтæ, 25 мин адæймаджы бæрц регистраци скодтой хи чысыл куыстуæттæ, 9,5 мин адæймаджы та райстой хицæн амалхъомы æвдисæндартæ.

Ацы æмæ иннæ фарстатыл сæрмагонд пъланы бындурыл кусынц Уæрæсейы Фæллой æмæ социалон хъахъхъæнынады министрад, Фæллойы федералон службæ æмæ иннæ профилон ведомствæтæ. Æмбырды архайджытæ куыд фæбæрæг кодтой, афтæмæй амынд пъланы мадзæлттæ къæпхæнгай æххæстгонд цæуынц.

Цæгат Ирыстоны уавæрыл дзургæйæ, куыд загъдæуыд, афтæмæй азы 9 мæймæ республикæйы рабæрæг кодтой, «ауоны» чи куыста, ахæм 7,3 мин адæймаджы. Уыдонæй ныридæгæн 6,5 мин адæймаджы раивтой закъонæвæрынады уагæвæрды бындурыл куыстмæ, иннæты барадон уавæр банывыл кæнынил дæр архайд цæуы.

Æмбырды докладтæ скодтой æмæ фæндæттæ бахастой Фæллойы федералон службæйы разамонæджы хæстæ æххæстгæнæг **Иван Шкловец**, УФ-йы Социалон фонды сæрдары хæдивæг **Александр Чернышев**, УФ-йы Мидхъуыддæгты министрады цæгаткавказаг управленийы хицау **Сергей Бачурин**, æндæр ведомствæтæ æмæ регионты минæвæрттæ.

Æмбырдæн хатдзæгтæ кæнгæйæ, Юрий Чайка бæлвырд амынддзинæдтæ радта профилон ведомствæтæ æмæ федералон зылды регионты бæрнон кусджытæн.

**СЛАНТЫ Аслан**

## Дзырды фарн

*Лæджы хуызæн лæг нæм – æстæм!*

*Къоста*

**Литературон фестиваль**

# «Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд»



**Поэзийы æппæтадæмон фестиваль «Ирон фæндыр» фыццаг къахдзæфтæ акодта Дзæуджыхъæуы. Ацы аз фестивалы архайджытæ æрæмбырд сты Хетæгкаты Къостайы 165 азы юбилейы кадæн. Стыр æхсызгондзинад æрцыд поэзи уарзджытыл – Къостайы «Ирон фæндыр» тæлмацгонд æрцыд цалдæр æвзагмæ – авайраг, цæцæйнаг, уырыссаг æмæ ма францагмæ дæр.**

Национ наукон чиныгдоны уыдис уыцы чингуыты презентаци. Фестивалы архайынмæ Ирыстонмæ ссыдысты Уæрæсейы алы регионтæй литературæйы дæсныты, тæлмацгæнджытæ. Йæ саразджыты хъуыдымæ гæсгæ, фестивалы сæйраг нысан у ирон фысджыты сфæлдыстад парахат кæнын, сæ уацмыстæ, радзырдтæ, æмдзæвгæтæ тæлмац кæнын алы адæмты æвзæгтæм.

Чиныгдоны цы чингуыты равдыст бацæттæ кодтой, уыдонмæ иууылдæр цымыдисæй кастысты. Æмбырдтæ аразæн залы иумæ бадтысты куырыхон æмæ зындгонд хистæртæ, стæй æрыгон чызджытæ æмæ лæппутæ. Алкæмæндæр зынаргъ у Къоста. Йæ юбилейон аз бирæ зæрдæмæдзæугæ мадзæлттæ арæзт æрцыд, фестиваль та ма йæ ноджы фæкаджындæр кодта.

Бæрæгбоны архайджытæн зæрдиаг арфæ ракодта РЦИ-Аланийы Парламенты Сæрдары хæдивæг **Гутнаты Аслæнбег.**

– Алы ирыстойнагæн дæр йæ сабибонтæй фæстæмæ уарзон у Къоста, йæ ном ын дзуары хуызæн фæдзурæм. «Ирон фæндыр» та нын у литературон Библийы хуызæн. Хорз уаид, ноджы фылдæр æвзæгтæм тæлмацгонд куы æрцæуид Къоста, – фæнысан кодта Аслæнбег æмæ бузныг загъта фестиваль саразджытæн.

«Иумæ нæ рамбырд кæн, арфæйы дзырд», – Къостайы ацы ныхæстæй æгасцуай загъта уазджытæн зындгонд ирон фыссæг **Дзасохты Музафер** æмæ бафтыдта: «Къостайæн ис райгуырды бон, фæлæ йын нæй мæлæты бон».

РЦИ-Аланийы Фысджыты цæдисы сæрдар **Хозиты Барисы** хъуыдымæ гæсгæ, «Ирон фæндыр» адæмты иугæнæг у.

– Æрмæст уый тыххæй дæр бузныг стæм Къостайæ. Ирон классик стыр аргъ кодта уырыссаг культурæйæн. Уыцы дыууæ базыры йæ систой сфæлдыстады бæрзæндтæм. Дардмæ уынаг адæймаг кæд бирæ хæрзты бацыд йæ адæмæн, уæддæр йæхи йæ разы хæсджыныл нымадта, – загъта Хозиты Барис æмæ фехъусын кодта, хæстæгдæр рæстæг Тегераны университетмæ 'ввахс æвæрд кæй æрцæудзæн Къостайы бюст.

– Фестиваль амонджын къахдзæфтæ акæнæд æмæ бирæ цæрæд, цæмæй йæ фæрцы ноджыдæр ирд курдиатджын фысджытæ раргом кæнæм, – загъта йæ раныхасы Уæрæсейы Фысджыты цæдисы сæрдары хæдивæг **Валери Латынин** æмæ къорд адæймагæн ратта хæрзиуджытæ æмæ Кады нысантæ. Уыдонимæ – **Æлборты Иван, Бигъуылаты Людмилæ, Мæрзойты Тамерлан**. Хозиты Барисæн саккаг кодтой сыгъзæрин майдан «Пушкинская», **Баситы Зæлинæйæн** та – кады нысан «Сказитель Руси».

Сценæйæ уыцы бон хъуыстысты Къостайы æмдзæвгæтæ алы æвзæгтыл. Тæлмацгæнджытæй алчидæр зæрдæйæ банкъардта ирон поэты рæнхъытæ.

– Тæлмац кæнын æнцон хъуыддаг нæу, фæлæ ацы хатт цыма мæ цуры уыд, цыма мын æххуыс кодта Къоста, афтæ мæм фæкаст. Адæмты бартыл хæцæг, Къоста махæн фæдзæхста иумæ хæларæй цæрын, æмæ йын йæ фæдзæхст ма рох кæнæм, – загъта Дагестаны культурæйы сгуыхт кусæг, авайраг æвзагыл цæуæг журнал «Литературный Дагестан»-ы редактор **Тубхат Зургалова**.

Æмбырды архайджытæн арфæ ракодтой РЦИ-Аланийы культурæйы министры хæдивæг **Рæмонты Маринæ**, стæй нæ республикæйы ахуырад æмæ наукæйы министры хæдивджытæ **Дзанайты Марк** æмæ **Нæкуысаты Иринæ**. Кады гæххæттытæ радтой фестивалы архайджытæн.

**ГУГКАТЫ Жаннæ,**
**къам систа**
**Татьянæ ШЕХОДАНОВА**

**Дунеон равдыст**

# «ЮГАГРО-2024»: картофы ног хуызтæ



**Ацы бонты горæт Краснодары йæ куыст кодта дунеон хъæууонхæдзарадон равдыст «ЮГАГРО-2024». Уыцы мадзалы æнтыстджынæй архайдта куыстуат «Фат-Агро» (у компаниты къорд «Бавария»-йы дæлхайад).**

Куыстуаты маркетолог **Кадиты Аннæ** куыд радзырдта, афтæмæй равдысты архайджытæн фенын кодтой сæ картофы хуызты ног селекцитæ. «Равдысты саразтам Цæгат Кавказы хæрзмыггаг культурты селекцион центры (йæ хъæру азмæ у картофы 5 милуан губаччы бæрц) презентаци. Уыимæ, равдысты архайджытæ хорз аргъ скодтой нæхи селекцийы картофы ног хуызтæн. Уыдоны 'хсæн бæрæг дары картофы ног хуыз «Алани». Уый ныртæккæ ис паддзахадон фæлварæнты. Куыд нысан кæнæм, афтæмæй фидæн азы «Алани» дæр базарадмæ æрвитын райдайдзыстæм. Уымæй уæлдай, равдысты фæлгæты æмгуыстады фарстатыл æрдзырдтам егъау хъæууонхæдзарадон æмæ базарадон компаниты минæвæрттимæ дæр», – радзырдта Аннæ.

Зындгонд куыд у, афтæмæй æнæххæст бæрнондзинады æхсæнад «Фат-Агро» у егъаудæр цæгатирыстойнаг хъæууонхæдзарадон куыстуæттæй иу, кæны æфсирджын хортæ æмæ халсарты куыст. Компанийы бындурыл кусы Цæгат Кавказы хæрзмыггаг культурты селекцион центр.

**МÆХЪИТЫ Фатимæ**

**Сæрмагонд æфсæддон операци**

# Хæстонты арфæ

**Æрæфы районмæ сæрмагонд æфсæддон операцийы бынатæй æрбацыд арфæйы фыстæг батальоны командир, дæлбулкъон ГЕГУТЫ Ацæмæзæй, йæ фæсномыг – «Акимович». Уый куырдта, цæмæй арфæ районы газет «Ирæф»-ы ныммыхуыр кодтаиккой. Гегуйы-фырт йæ фыстæджы фыссы:**

«Зæрдиаг арфæ кæнæм нæ республикæйы Сæргълæууæг **Сергей Меняйлойæн**. Сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæдæй фæстæмæ бæстон æххуыстæ кæны не 'мзæххон æфсæддонтæн, уымæй уæлдай ма арфæ кæнын Цыколайы цæрæг, амалхъом **Дадтеты Вадимæн** дæр. Вадим нын цы стыр æххуыстæ бакодта, уыдонæн аргъ нæй. Æрæрвыста нын ахсджиаг дзауматæ: æхсæвыгон уынæн прибортæ, «майвик 3 про» кæй хонынц, автоматтæн ахæм глушительтæ, тепловизортæ, хостæ дарæн сæрмагонд афтектæ æмæ ма бирæ æндæр хъæугæ фæрæзтæ. Алы дзаума дæр – 9 иуæджы. Стыр бузныг дын, Вадим, зын сахат дæхи кæй нæ бафæсвæд кодтай æмæ куыдфæндыйы цæстæй кæй нæ ракастæ нæ уавæрмæ, уый тыххæй. Хуымæтæг ныхæстæй уын мæ бон раарфæ кæнын нæу. Дæ кæстæрты æмæ дæ бинонты хуртæй бафсæд, æнæниз у, Уæлахиз уæддæр мах уыдзæн».

**Кусæг балц**

# Физикон культурæ æмæ спортæн – ныркконуавæртæ



**РЦИ-Аланийы Хицауады Сæрдар ДЗАНАЙТЫ Барис бабæрæг кодта республикæйы спортивон уагдæттæ. Йæ балц баст уыди, раздæр Хицауады æмбырды уыцы уагдæтты куыст фæхъомысджындæр кæнын æмæ йæ уæлдæр æмвæзадмæ сисыны тыххæй цы ахсджиаг ныхас цыди, уыимæ. Министрты кабинеты разамонæгимæ ма мадзалы архайдтой Цæгат Ирыстоны Хицауады Сæрдары хæдивæг ПЛАТЫ Альбинæ æмæ физикон культурæ æмæ спорты министры хæдивæг САНАТЫ Аидæ.**

Футболы спортивон скъола «Æвзонгдзинад»-ы дыууæ рады архайынц, 6-17 азы кæуыл цæуы, ахæм 900 сывæллоны, кусы дзы 50 адæймаджы. Ам Дзанайты Барис директор **Гаджиты Иналимæ** æрныхас кодта уагдоны æрвылбоны куыстыл. Лæмбынæг æркастысты, объект цы лæггæдтæ дæтты, уымæ, стæй йæ финансон-хæдзарадон уавæрмæ.

– Бæрæг у: спортивон скъола хъазуатон куыст кæны, æрыгон футболисттæ разæнгардæй цæуынц тренировкæтæм, сæ рæстæн дæр сын ис хорз гæнæнтæ. Дарддæр дæр архайын хъæуы республикæйы футбол парахат кæныныл, уыимæ уæлæмхасæн фæрæзтæ æрбаздахыны куысты руаджы дæр, – бафиппайдта Дзанайты Барис.

Физкультурон-дзæбæхгæнæн комплекс «Ихын аренæ»-йы разамындæн премьер-министр бахæс кодта объекты æрвылбоны материалон-техникон уавæрмæ æмæ спортивон ифтонггæрзтæм цæст дарын. Ам дæр æркастысты спорткомплексы финансон-хæдзарадон архайдмæ. Уæ зæрдыл уын æрлæууын кæндзыстæм: уагдоны бындурыл кусы, 109 адæймаджы кæм архайы, ахæм зымæгон спорты хуызты скъола.

Дзанайты Барис фæбæрæг кодта, сæйрагдæр кæй у регионы цæрджытæн физикон культурæ æмæ спорты архайынмæ ныркконуавæртæ саразын. Уыцы ахсджиаг хъуыддагмæ иудадзыг йæ цæст дардзæн Цæгат Ирыстоны Физикон культурæ æмæ спорты министрад.

**ГАПБАТЫ Алетæ**

**Хæрзаудæн акци**

# «Бæллицты наз бæлас»

**Æрвылаз куыд вæййы, афтæ та ныр дæр ногазон бæрæгбæттимæ бастæй сывæллæттæ æмæ фæсивæды æхсæнадон-паддзахадон æппæтуæрæсеон иугонд «Фыццæгты змæлд» Фæсивæды хъуыддæгты фæдыл федералон агентады æххуысæй аразы дзыллон хæрзаудæн акци «Бæллицты наз бæлас».**

Мадзалы сæйрагдæр нысан у бæрæгбоны тæваг фæхæццæ кæнын æмæ лæвæрттæ ракæнын, царды зын уавæрты чи бахауд, уыцы сывæллæттæн. Ахæм акцийы фæрцы кæрæдзи ссарынц, тыхст уавæры чи бахауд, уыцы æнахъомтæ æмæ, æххуысхъуаг адæймагæн йæ зæрдæ барухс кæнын кæй фæнды, æппæт уыдон.

Ацы хатт акци араздæджытæ курдиæттæ ногазон бæллицтимæ исынц, 3 азæй 13 азы онг кæуыл цæуы, ахæм сывæллæттæй: сахъат кæнæ се 'нæниздзинад цауд кæмæн у, сидзæрæй чи баззад, цыбыркъух бинонтæй, сæрмагонд æфсæддон операцийы архайджыты бинонтæй, Донецк æмæ Луганскы адæмон республикæты чи цæры, Белгород, Курск æмæ Брянскы облæстты чи цæры, æмæ гæрзифтонг быцæуы аххосæй хъыгдард чи баййæфта, уыдонæй.

«Бæллицты наз бæлас» æххæстгонд цæудзæн 2025 азы 28 февралы онг.

Акцийы фæдыл бæстондæр æрмæг ссарæн ис ахæм сайты: https://елкажеланий.рф.

**РЦИ-Аланийы Мыхуыр æмæ дзыллон коммуникациты хъуыддæгты фæдыл комитеты пресс-службæ**

# Лæгдзинад дæ туджы куы уа

**Нæ фыдæлтæм хæстон кад æмæ намыс бæрзонд æвæрд уыдысты. Нæлгоймаг-иу хæсты быдыры хъæбатырдзинад куы равдыста, уæд ыл хъайтарон зарджытæ кодтой. Æмæ, кæд дуггæ кæрæдзи ивгæ цæуынц, уæддæр уыцы кадæн йæ хъомыс абон дæр тыхджын у. Дард Украинæйы та фашизм йæ уидæгтæ ногæй сдардта æмæ тугуарæн кæны не 'мбæстон – Донбассы цæрæг адæмæн.**



Сæрмагонд æфсæддон операци куы райдыдта, уæд знаджы скуынæг кæнынмæ иннæтимæ фæраст сты Ирыстоны хъæбатыр гуырдтæ дæр. Уыдонæй иу у **Джиоты Николайы фырт Алан**.

Алан райгуырд 1993 азы. 2012 азы Сечеры хъæуы астæуккаг скъола каст фæуыны фæстæ дарддæр ахуырмæ бацыд Дзæуджыхъæуы 5-æм профессионалон училищæмæ. Уырдыгæй йæ 2014 азы æфсады рæнхъытæм акодтой. Йе 'фсæддон хæс æххæст кодта цæгатаг горæт Мурманскы. 2016 азы бафыста контракт Хъахъхъæнынады министрадимæ.

Украинæйы та фашизм ногæй йæ уидæгтæ ауагъта æмæ æгъатырæй цæгъды Донбассы цæрæг адæмы. Райдыдта сæрмагонд æфсæддон операци, æмæ иннæтимæ знаджы дæрæн кæнынмæ атындзыдтой Ирыстоны хъæбатыр гуырдтæ дæр. Джиоты Алан сæрмагонд æфсæддон операцийы ис йæ фыццаг бонæй ныры онг.

Запорожьейы танкты батальоны къорды æххæст кæны йе 'фсæддон хæс.

– Фронты раззагдæр хахмæ ласын рæмудзæн æрмæг, хæринаг, цалцæг кæнын хъыгдардбаййафæг техникæ. Хæсты цæхæры æнцон фадæттæ нæй, фæлæ нæ фæсивæдæй иунæг лæппу дæр нæ равдыста лæмæгъдзинад. Кæрæдзийæн ныфс стæм алы хъуыддаджы дæр. Æмæ уый чысыл сгуыхтдзинад нæу, – зæгъы Джиойыфырт.

Алан хæсты хабæрттыл дзурын нæ уарзы, фæлæ хаттæй-хатт цыдæр цаутæ «срæдийы». Фæзæгъы, æхсæвыгæтты сæ куыд райдайынц æхсын, дронтæй сæхи куыд хъахъхъæнынц, фæлæ алы хатт амонд семæ æмдзу нæ кæны. Йæ зæрдыл æрлæууыд, афæдзы размæ, зымæджы, æхсæвыгон сæ бæстыхаймæ дрон куыд æрбатахт. Йе 'мбæлттæй бирæтæ фæмард сты, чи ма дзы аирвæзт, уыдон та сæхи фæсвæдгæнгæйæ цæугæдоны цалдæр сахаты фæбадтысты.

Алан у Цæрикъаты сиахс. Йæ бинойнаг Софияимæ хъомыл кæнынц дыууæ гыццыл хъæбулы – Батрадз æмæ Арсæмæджы. Сабитæ сæ фыды хæстон хабæрттæ нæ зонынц, фæлæ искæд бон сæрыстыр уыдзысты йæ кад æмæ намысæй.

Аланæн йæ лæгдзинады фæдыл лæвæрд æрцыд паддзахадон хæрзиуджытæ дæр: Жуковы, Суворовы æмæ Хæстон намысы дыккаг къæпхæны майдантæ. Кæд царды уæрæх фæндæгтыл уый бæрц нæма рацыд, уæддæр хæстон кад æмæ намысæй йæ æрыгон азты хайджын фæци. Хæрзиуджытæ лæггæнæг не сты, фæлæ ма нын ноджыдæр иу хатт æвдисынц, патриотизмы таг æцæгæйдæр кæй туджы æнхъæвзы, ахæм хъæбатыр фæсивæды.

**САУТÆТЫ Тамилæ**

## 2 Понедельник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
13.30 АнтиФейк 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Персональный ассистент» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 14.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.30, 18.30 60 минут 12+
13.00 Наши 12+
14.55, 02.10, 03.30 Т/с «Райский» 16+
17.30 Малахов 16+
21.30 Т/с «Тайны следствия» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.57 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.10 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
15:00 Россия 24. Местное время
15:30 Канал «Россия 24»
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50 Т/с «Улицы разбитых фонарей» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Скорая помощь» 16+
22.15, 00.00 Т/с «Балабол» 16+
02.45 Т/с «Чернов» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.30, 06.15, 07.00 Х/ф «Чужой район-3» 16+
08.00, 09.30, 04.25, 10.05, 11.00, 12.00 Х/ф «Дознаватель-2» 16+
08.20 Фирменный рецепт с Емельяненко 12+
08.55 Знание-сила 0+
13.30, 14.20, 15.15, 16.00, 16.55, 17.30, 18.10, 19.00, 19.55, 20.40, 02.40, 03.20, 03.50 Т/с «След» 16+
21.25, 02.05 Х/ф «Великолепная пятерка-7» 16+
22.20, 00.30, 01.15 Х/ф «Великолепная пятерка-6» 16+
23.10 Х/ф «Великолепная пятерка-4» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.35 Д/ф «Забытое ремесло». «Шляпник» 16+
07.50 Х/ф «Дикая собака Динго» 0+
09.30 Невский ковчег. Теория невозможного 16+
10.00, 12.30, 16.30, 18.45, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10 XX Век. «Мужчина моих грез... Сергей Столяров» 16+
12.45 Новости. Подробно. Арт 16+
13.00 Линия жизни 16+
13.55 Д/ф «Забытое ремесло». «Коробейник» 16+
14.10 Х/ф «Милостивые государи» 16+
15.25 Агора. Ток-шоу с Михаилом Швыдким 16+
16.45 Передвижники. Кирилл Лемох 16+
17.15 Рассказы из русской истории 16+
19.00 Торжественное закрытие XXV Международного телевизионного конкурса юных музыкантов «Щелкунчик» 16+
21.35 Сати. Нескучная классика... 16+
22.15 Т/с «Мегрэ». «Поражение Мегрэ» 16+
00.10 Магистр игры 16+
00.40 Д/ф «Россия Марка Анто-кольского» 16+
01.35 Х/ф «Жизнь и смерть дворянина Чертопханова» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Вопреки всему 12+
06.30 Всæ о главном 12+
07.00, 10.00, 12.55, 15.30 Новости
07.05, 19.25, 21.45, 00.45 Все на Матч! 12+
10.05 Лица страны. Анна Гринева 12+
10.25 Непобедимый 12+
11.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
12.35, 03.40 Специальный репортаж 12+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Магия большого спорта. Лыжный спорт 12+
15.35 Громко 12+
16.45 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Салават Юлаев» (Уфа)-»Трактор» (Челябинск). Прямая трансляция
19.55 Футзал. БЕТСИТИ Суперлига. «Кристалл» (Санкт-Петербург)-»Газпром-Югра» (Югорск). Прямая трансляция
22.35 Футбол. Чемпионат Италии. «Рома»-»Аталанта». Прямая трансляция
01.40 Футбол. Чемпионат Германии. «Хайденхайм»-»Айнтрахт» (Франкфурт) 6+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Кубок России. Женщины. 1/2 финала. «Динамо-Ак Барс» (Казань)-»Локомотив» (Калининградская область) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.45 Х/ф «Охотница» 12+
10.45, 00.35 Петровка, 38 16+
10.55 Городское собрание 12+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф «Сельский детектив. Днем с огнем» 12+
13.45, 05.00 Мой герой. Олег Жаров 12+
14.55 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Танцы на песке» 16+
17.00 Актерские драмы 16+
18.15, 20.05, 02.50 Т/с «Некрасивая подружка» 16+
22.40 «Как карта ляжет». Специальный репортаж 16+
23.10 Знак качества 16+
00.00 События. 25-й час
00.50 Тайная комната. Больная власть 16+
01.30 Д/ф «Избитые звезды» 16+
02.10 Д/ф «Доказательства смерти» 16+
04.20 Короли эпизода. Мария Виноградова 16+
05.30 Обложка 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
07.15, 04.35 Давай разведемся! 16+
08.15, 02.55 Тест на отцовство 16+
10.30, 23.20 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.45, 00.35 Д/с «Порча» 16+
12.55, 01.35 Д/с «Знахарка» 16+
13.30, 02.05 Д/с «Верну любимого» 16+
14.05, 02.30 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Д/с «Кризисный центр» 16+
19.00 Х/ф «Она, он и она» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 04.30 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Засекреченные списки 16+
17.00, 02.30 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Инферно» 16+
22.25 Знаете ли вы, что? 16+
23.30 Х/ф «Одним меньше» 18+
01.40 Смотреть всем! 16+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.15, 11.00 Уральские пельмени. Смехbook 16+
07.25, 12.45 Шоу Уральские пельмени 16+
09.00, 10.00 Т/с «Любовь напрокат» 16+
19.00, 19.30 Т/с «Экстрим» 16+
20.00 Т/с «Кто быстрее?» 16+
20.45 Х/ф «Бладшот» 16+
23.00 Х/ф «Адреналин-2. Высокое напряжение» 18+
00.50 Х/ф «Поезд в Пусан» 18+
02.50 Суперниндзя 16+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ. Часть 2 16+
08.00, 22.00 Однажды в России 16+
09.00 Звезды в джунглях 16+
12.00, 12.30, 13.00, 13.30, 14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00, 19.30 Х/ф «Полярный» 16+
20.00, 20.30 Т/с «Полярный» 16+
21.00, 21.30 Т/с «Макрон» 16+
23.00 Первые на деревне 16+
01.05 Х/ф «Саахо» 16+
03.50 Я тебе не верю 16+
04.40, 05.10 Однажды в России. Спецдайджест 16+
06.00 Утро ТНТ 16+

## 3 Вторник

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
13.30 АнтиФейк 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Персональный ассистент» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 14.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.30, 18.30 60 минут 12+
13.00 Наши 12+
14.55, 02.10, 03.30 Т/с «Райский» 16+
17.30 Малахов 16+
21.30 Т/с «Тайны следствия» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.57 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.10 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50 Т/с «Улицы разбитых фонарей» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 23.35 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Скорая помощь» 16+
22.15, 00.00 Т/с «Балабол» 16+
02.50 Т/с «Чернов» 16+
04.20 Т/с «Агентство скрытых камер» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.25, 05.30, 06.15, 07.00, 08.00, 09.30, 04.30, 10.05, 11.05, 12.00 Х/ф «Дознаватель-2» 16+
08.20 «Страна советов» Информационно- 16+
08.55 Знание-сила 0+
13.30, 14.20, 15.15, 16.00, 16.55, 17.30, 18.10, 19.00, 19.50, 20.40, 02.40, 03.20, 03.55 Т/с «След» 16+
21.25, 02.05 Х/ф «Великолепная пятерка-7» 16+
22.20, 00.30, 01.15 Х/ф «Великолепная пятерка-6» 16+
23.10 Х/ф «Великолепная пятерка-4» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Пешком... 16+
07.00 Легенды мирового кино 16+
07.30, 00.10 Д/ф «Нерассказанная история древних кельтов» 16+
08.20 Т/с «Мегрэ». «Поражение Мегрэ» 16+
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.55 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10 К Юбилею Алисы Фрейндлих. XX Век. «Театральная летопись» 16+
12.45 Новости. Подробно. Книги 16+
13.00 Игра в бисер 16+
13.45, 01.40 Х/ф «Жизнь и смерть дворянина Чертопханова» 16+
15.00 Сати. Нескучная классика... 16+
15.45 Д/ф «Тайные дворцы Эрмитажа». «Квартира» 16+
16.45 Д/ф «Володарск. Терем Бугрова» 16+
17.15 Симфонические Оркестры России. Иван Рудин и Московский государственный симфонический оркестр 16+
18.00 Жизнь замечательных идей 16+
18.25 Д/ф «Настоящее-прошедшее. Поиски и находки». «Кондратий Рылеев. Последнее письмо» 16+
19.00 Уроки русского. Чтение. А.Чехов. «Скрипка Ротшильда» 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.30 Спокойной ночи, малыши!
20.45 Д/ф «Завтра не умрет никогда». «Ледовый путь» 16+
21.30 Белая студия 16+
22.15 Т/с «Мегрэ». «Мегрэ и прорицательница» 16+
01.05 Д/ф «Второе дыхание» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00, 14.55 Вопреки всему 12+
06.30 Наши иностранцы 12+
07.00, 10.00, 12.55, 15.30 Новости
07.05, 15.35, 18.35, 21.55, 00.45 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35, 03.40 Специальный репортаж 12+
10.25 Непобедимый 12+
11.30 Профессиональный бокс. Ночь Чемпионов IBA. Трансляция из Таджикистана 16+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 География спорта. Владивосток 12+
16.30 Д/ф «Неймар. Номер один в Бразилии» 12+
17.30 Футбол. МИР Российская Премьер-Лига. Обзор тура 6+
19.15 Хоккей. Фонбет Чемпионат КХЛ. «Торпедо» (Нижний Новгород)-»Металлург» (Магнитогорск). Прямая трансляция
22.35 Футбол. Кубок Германии. «Бавария»-»Байер». Прямая трансляция
01.40 Бадминтон. BetBoom Кубок НФБР. Трансляция из Казани 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Кубок России. Мужчины. 1/2 финала. «Кузбасс» (Кемерово)-»Динамо» (Москва) 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.45 Х/ф «Охотница-2» 12+
10.40 Д/ф «Большие деньги советского кино» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф «Сельский детектив. Днем с огнем» 12+
13.45, 05.00 Мой герой. Александр Зацепин 12+
14.50 Город новостей 16+
15.05 Х/ф «Танцы на песке» 16+
17.00 Актерские драмы 16+
18.10, 20.00, 02.50 Т/с «Некрасивая подружка» 16+
22.35 Закон и порядок 16+
23.10 Д/ф «Выбираю папу!» 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Д/ф «Неизвестный Фидель Кастро» 16+
01.30 90-е. Звездные разводы 16+
02.10 Мифы о еде. Крупы 16+
04.20 Короли эпизода. Георгий Милляр 16+
05.30 Обложка 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.35 По делам несовершеннолетних 16+
07.15, 04.45 Давай разведемся! 16+
08.20, 03.00 Тест на отцовство 16+
10.30, 23.25 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.45 Д/с «Порча» 16+
12.55, 01.40 Д/с «Знахарка» 16+
13.30, 02.05 Д/с «Верну любимого» 16+
14.05, 02.35 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.40 Д/с «Кризисный центр» 16+
19.00 Х/ф «Наследство» 16+
00.40 Д/с «Порча» 16+
04.40 6 кадров 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.15, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Военная тайна 16+
10.00 Совбез 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00, 22.15 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Документальный спецпроект 16+
17.00, 02.10 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Книга Илая» 16+
23.30 Х/ф «Месть банши» 18+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.15, 12.45, 15.55 Уральские пельмени. Смехbook 16+
07.35, 16.15 Шоу Уральские пельмени 16+
09.00, 10.00 Т/с «Любовь напрокат» 16+
11.00 М/ф «Красные туфельки и семь гномов» 6+
14.00, 20.00 Т/с «Кто быстрее?» 16+
17.50, 19.00, 19.30 Т/с «Экстрим» 16+
21.00 Х/ф «Перевозчик-3» 16+
22.55 Х/ф «Шанхайский перевозчик» 16+
00.50 Шоу из шоу 16+
02.15 Суперниндзя 16+
04.55 М/ф «Маша и медведь» 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ. Часть 2 16+
08.00 Однажды в России 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30 Т/с «СашаТаня» 16+
14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00 Т/с «Интерны» 16+
19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Полярный» 16+
21.00, 21.30 Т/с «Макрон» 16+
22.00 Х/ф «Джентльмены» 16+
00.25 Х/ф «Багровые реки» 16+
02.15 Я тебе не верю 16+
03.05, 03.50 Импровизация. Команды 16+
04.40, 05.15 Однажды в России. Спецдайджест 16+
06.00 Утро ТНТ 16+

## 4 Среда

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
13.30 АнтиФейк 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Персональный ассистент» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.00, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 14.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.30, 18.30 60 минут 12+
13.00 Наши 12+
14.55, 02.10, 03.30 Т/с «Райский» 16+
17.30 Малахов 16+
21.30 Т/с «Тайны следствия» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.57 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.10 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50 Т/с «Улицы разбитых фонарей» 16+
06.30 Утро. Самое лучшее 16+
08.00, 10.00, 13.00, 16.00, 19.00, 00.00 Сегодня
08.25, 10.35 Т/с «Пес» 16+
13.25 Чрезвычайное происшествие 16+
14.00 Место встречи 16+
16.45 За гранью 16+
17.50 ДНК 16+
20.00 Т/с «Балабол» 16+
22.15 Т/с «Пустые города» 16+
00.30 Д/ф «Управляемый риск. История Дмитровского автополигона» 12+
01.30 Т/с «Чернов» 16+

### ПЯТЫЙ КАНАЛ
05.00, 09.00, 13.00, 17.00, 00.00 Известия 16+
05.25, 05.40, 06.20, 07.10, 08.05, 09.30, 10.05, 11.05, 12.00 Х/ф «Дознаватель-2» 16+
08.25 НоваЯ 12+
13.30, 14.20, 15.15, 16.00, 16.55, 17.30, 18.10, 19.00, 19.55, 20.40, 02.45, 03.20 Т/с «След» 16+
21.25, 02.05 Х/ф «Великолепная пятерка-7» 16+
22.20, 00.30, 01.15 Х/ф «Великолепная пятерка-6» 16+
23.10 Х/ф «Великолепная пятерка-4» 16+
04.00, 04.40 Х/ф «Пилигрим» 16+

### КУЛЬТУРА
06.30 Д/ф «Престольный праздник. Введение во храм Пресвятой Богородицы» 16+
07.15 Оттепель. В добрый час. Никита Михалков. Рассказывает Юрий Цокуров 16+
07.30, 00.00 Д/ф «Нерассказанная история древних кельтов» 16+
08.20 Т/с «Мегрэ». «Мегрэ и прорицательница» 16+
10.00, 12.30, 16.30, 19.30, 23.45 Новости культуры 16+
10.15 Наблюдатель 16+
11.10 Д/ф «Второе дыхание» 16+
11.45 Д/ф «Новат. Либретто в 15 картинах» 16+
12.45 Новости. Подробно. Кино 16+
13.00 Искусственный отбор 16+
13.45 Х/ф «Жизнь и смерть дворянина Чертопханова» 16+
15.00 Белая студия 16+
15.45 Д/ф «Тайные дворцы Эрмитажа». «Дом» 16+
16.45 Библейский сюжет 16+
17.15 Симфонические Оркестры России. Александр Рудин и Российский национальный оркестр 16+
17.45 Д/ф «Забытое ремесло». «Писарь» 16+
18.00 Жизнь замечательных идей 16+
18.25 Д/ф «Настоящее-прошедшее. Поиски и находки». «Карл Брюллов. Не сгораша» 16+
19.00 Уроки русского. Чтение. Георгий Иванов 16+
19.45 Главная роль 16+
20.05 Правила жизни 16+
20.35 Абсолютный слух 16+
21.15 Линия жизни 16+
22.15 Т/с «Мегрэ». «Мегрэ и друг детства» 16+
00.50 XX Век. «Мужчина моих грез... Сергей Столяров» 16+
01.50 Х/ф «Затишье» 16+

### МАТЧ-ТВ
06.00 Вопреки всему 12+
06.30 География спорта. Владивосток 12+
07.00, 10.00, 12.55, 17.00 Новости
07.05, 17.05, 19.20, 21.45, 01.00 Все на Матч! 12+
10.05, 12.35, 03.40 Специальный репортаж 12+
10.25 Непобедимый 12+
11.30 Смешанные единоборства. One FC. Трансляция из Таиланда 16+
13.00 Есть тема! 12+
14.25 Вид сверху 12+
14.55 Волейбол. Чемпионат России. Pari Суперлига. Мужчины. «Кузбасс» (Кемерово)-»Белогорье» (Белгород). Прямая трансляция
17.55, 20.15 Настольный Теннис. BetBoom Кубок Грандов. Прямая трансляция из Москвы
22.50 Футбол. Чемпионат Испании. «Атлетик»-»Реал» (Мадрид). Прямая трансляция
01.50 Футзал. БЕТСИТИ Суперлига. «Синара» (Екатеринбург)-»ИрАэро» (Иркутск) 0+
03.55 Новости 0+
04.00 Волейбол. Кубок России. Мужчины. 1/2 финала. «Локомотив» (Новосибирск)-»Зенит-Казань» 6+

### ТВЦ
06.00 Настроение 12+
08.15 Доктор И... 16+
08.40 Х/ф «Тайна за углом. Посмотри в мои глаза» 16+
10.35, 04.20 Д/ф «Бедные родственники» советской эстрады» 16+
11.30, 14.30, 17.50, 22.00 События
11.50 Х/ф «Сельский детектив. Чем сердце успокоится» 12+
13.45, 05.00 Мой герой. Федор Лавров 12+
14.50 Город новостей 16+
15.00 Х/ф «Танцы на углях» 16+
17.00 Актерские драмы 16+
18.05, 02.50 Т/с «Некрасивая подружка» 16+
20.00 Наш город. Диалог с мэром. Прямой эфир
22.35 Хватит слухов! 16+
23.05 90-е. Авантюристки 16+
00.00 События. 25-й час
00.35 Петровка, 38 16+
00.50 Дорогие товарищи. Королевский гамбит 16+
01.30 Знак качества 16+
02.10 Хроники московского быта 12+
05.30 Обложка 16+

### ДОМАШНИЙ
06.30, 05.25 По делам несовершеннолетних 16+
07.25, 04.35 Давай разведемся! 16+
08.25, 02.55 Тест на отцовство 16+
10.40, 23.20 Д/с «Понять. Простить» 16+
11.55 Д/с «Порча» 16+
13.00, 01.35 Д/с «Знахарка» 16+
13.35, 02.05 Д/с «Верну любимого» 16+
14.10, 02.30 Д/с «Голоса ушедших душ» 16+
14.45 Д/с «Кризисный центр» 16+
19.00 Х/ф «Хочу тебе верить» 16+
00.35 Д/с «Порча» 16+

### РЕН-ТВ
05.00, 18.00, 01.35, 04.25 Самые шокирующие гипотезы 16+
06.00 С бодрым утром! 16+
08.30, 12.30, 16.30, 19.30, 23.00 Новости 16+
09.00 Документальный спецпроект 16+
10.00 Засекреченные списки 16+
11.00 Как устроен мир 16+
12.00, 16.00, 19.00 112 16+
13.00 Загадки человечества 16+
14.00 Невероятно интересные истории 16+
15.00 Д/с «Легенды и мифы» 16+
17.00, 02.25 Тайны Чапман 16+
20.00 Х/ф «Медальон» 16+
21.55 Безумные факты 16+
23.30 Х/ф «Стукач» 18+

### СТС
06.00, 05.50 Ералаш 0+
06.15, 14.15, 15.55 Уральские пельмени. Смехbook 16+
07.35, 16.25 Шоу Уральские пельмени 16+
09.00, 10.00 Т/с «Любовь напрокат» 16+
10.55 М/ф «Синдбад. Пираты семи штормов» 6+
12.35 М/ф «Садко». «Садко» 16+
15.00, 20.00 Т/с «Кто быстрее?» 16+
17.50, 19.00, 19.30 Т/с «Экстрим» 16+
21.00 Х/ф «Малыш на «Драйве» 16+
23.20 Х/ф «Драйв» 18+
01.20 Остров сокровищ. Знаки судьбы 16+
02.55 М/ф «Машкины страшилки» 0+
03.00 М/ф «Маша и медведь» 0+

### ТНТ
07.00 Утро ТНТ. Часть 2 16+
08.00 Однажды в России 16+
09.00, 09.30, 10.00, 10.30, 11.00, 11.30, 12.00, 12.30, 13.00, 13.30 Т/с «СашаТаня» 16+
14.00, 14.30, 15.00, 15.30, 16.00, 16.30, 17.00, 17.30, 18.00, 18.30, 19.00 Т/с «Интерны» 16+
19.30, 20.00, 20.30 Т/с «Полярный» 16+
21.00, 21.30 Т/с «Макрон» 16+
22.00 Х/ф «Ограбление на бейкерстрит» 16+
00.25 Х/ф «Саботаж» 18+
02.15 Я тебе не верю 16+
03.05, 03.50 Импровизация. Команды 16+
04.40, 05.15 Однажды в России. Спецдайджест 16+
06.00 Утро ТНТ 16+

## 5 Четверг

### ПЕРВЫЙ КАНАЛ
05.00 Доброе утро 0+
09.00, 12.00, 15.00, 03.00 Новости
09.20 Модный приговор 0+
10.10 Жить здорово! 16+
11.00, 12.15, 14.00, 17.00, 18.30 Информационный канал 16+
13.30 АнтиФейк 16+
15.15 Давай поженимся! 16+
16.05 Мужское / Женское 16+
18.00 Вечерние новости
19.50 Пусть говорят 16+
21.00 Время
22.00 Т/с «Персональный ассистент» 16+
23.00 Большая игра 16+
00.10, 03.05 Подкаст.Лаб 16+

### РОССИЯ 1
05.00 Утро России 12+
09.00, 11.00, 14.00, 17.00, 20.00, 03.00 Вести
09.30, 14.30, 21.10 Вести. Местное время
09.55 О самом главном 12+
11.30, 18.30 60 минут 12+
13.00 Наши 12+
14.55, 02.10, 03.30 Т/с «Райский» 16+
17.30 Малахов 16+
21.30 Т/с «Тайны следствия» 16+
23.30 Вечер с Владимиром Соловьевым 12+

### ГТРК «АЛАНИЯ»
**«Алания» канал «Россия 1»**
05.07; 05.35; 07.07; 07.35 Местное время. Вести-Ирыстон. Утро
06.07; 06.35; 08.07; 08.35 Местное время. Вести-Алания. Утро
09.30 Местное время. Вести-Ирыстон
09.45 Утро России. Алания
09.57 Канал «Россия 1»
14.30 Местное время. Вести-Алания
21.10 Местное время. Вести-Алания
**«Алания» канал «Россия 24»**
17.30 Россия 24. Местное время
18.00 Канал «Россия 24»

### НТВ
04.50 Т/с «Улицы разбитых фонарей» 16+
